

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didésripsikeun 1) kacindekan; 2) implikasi; jeung 3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, ieu hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kagolong can mampuh, rata-rata peunteun nyaéta 66 tina $KKM \geq 75$. Dumasar kana aspék-aspék nulis pangalaman pribadi anu diantarana aspék eusi kagolong sedeng-cukup, rata-rata peunteun (21,26) tina skor maksimal 30, dina aspék organisasi karangan kagolong cukup-hadé, rata-rata peunteun (14,77) tina skor maksimal 20, dina aspék kosa kecap kagolong sedeng-cukup, rata-rata peunteun (12,74) tina skor maksimal 20, dina aspék adegan basa kagolong sedeng-cukup, rata-rata peunteun (14,29) tina skor maksimal 25, jeung dina aspék mékanik (éjahan jeung diksi) kagolong kurang-hadé, rata-rata peunteun (2,87) tina skor maksimal 5. Katitén tina lima aspék nulis pangalaman pribadi nu dipeunteun, aspék mékanik (éjahan jeung diksi) kagolong kurang-hadé. Tina 31 siswa ngan aya 10 siswa nu meunang peunteun ≥ 75 kalayan katégori mampuh, sedengkeun 21 siswa meunang peunteun < 75 kalayan katégori can mampuh. Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kagolong can mampuh, kalayan rata-rata peunteun 66.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kagolong mampuh, rata-rata peunteun nyaéta 81 tina $KKM \geq 75$. Katitén tina aspék eusi kagolong cukup-hadé, rata-rata peunteun (24,42) tina skor maksimal 30, dina aspék organisasi karangan kagolong hadé-pisan, rata-rata peunteun (18,16) tina skor maksimal 20, dina aspék kosa kecap

kagolong cukup-hadé, rata-rata peunteun (16,35) tina skor maksimal 20, dina aspék adegan basa kagolong cukup-hadé, rata-rata peunteun (18,16) tina skor maksimal 25, jeung dina aspék mékanik (éjahan jeung diksi) kagolong cukup-hadé, rata-rata peunteun (4,03) tina skor maksimal 5. Tina 31 siswa aya 27 siswa nu meunang peunteun ≥ 75 kagolong mampu, sedengkeun 4 siswa meunang peunteun < 75 kagolong can mampu. Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2010 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kagolong mampu, kalayan rata-rata peunteun 81.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajaran 2019/2020 ngaronjat sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. Ieu hal katitén dina aspék eusi anu saméméhna sedeng-cukup (21,26) ngaronjat jadi cukup-hadé (24,42), aspék organisasi karangan anu saméméhna cukup-hadé (14,77) ngaronjat jadi hadé-pisan (18,16), aspék kosa kecap anu saméméhna sedeng-cukup (12,74) ngaronjat jadi cukup-hadé (16,35), aspék adegan basa anu saméméhna sedeng-cukup (14,29) ngaronjat jadi cukup-hadé (18,16), jeung aspék mékanik (éjahan jeung diksi) anu saméméhna kurang-hadé (2,87) ngaronjat jadi cukup-hadé (4,03). Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* ngaronjat.

Aya bédana anu signifikan kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. Ieu hal bisa katitén tina hasil uji normalitas ngahasilkeun 0,878 leuwih ti 0,05, uji homogénitas ngahasilkeun 0,059 leuwih ti 0,05. Jeung uji *Paired Samples Test* ngahasilkeun -7,425 jeung signifikansi (sig. 2-tailed) $0,000 < 0,05$ anu hartina hipotésis a (H_1) diratima atwa hipotésis 0 (H_0) ditolak. Hartina aya bédana anu signifikan kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun

Rizal Ramdhani, 2020

**MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE (TTW)* PIKEUN NGARONJATKEUN
KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*, hususna kamampuh dina aspék eusi, organisasi karangan, kosa kecap, adegan basa, jeung mékanik (éjahan jeung diksi). Ku kituna, modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung taun ajar 2019/2020.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi miboga implikasi yén ieu modél pangajaran ditarima ku siswa. Digunakeunna modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* jadi salah sahiji cara pikeun numuwuhkeun sikep kréatif jeung kritis siswa dina ngamekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina ngagunakeun jeung makéna kecap, ogé éféktifna suasana diajar di kelas. Salian ti éta nalika prak-prakanana ngagunakeun ieu modél siswa jadi leuwih aktif jeung kréatif.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilakukeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih hadé jeung aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, saperti ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi. ku kituna, ieu modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.
- 2) Ku sabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu modél ku ambahan anu leuwih lega nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni jeung maké média pembelajaran.